

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu dipaké ku panalungtik pikeun nyangking informasi jeung ngalaksanakeun pengkajian kana data anu geus dikumpulkeun. Sedengkeun métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun nangtukeun data kalayan mangpaat sarta udagan anu tangtu jeung hadé. Ratna (2004, kc. 34), nétélakeun yén métode panalungtikan téh nyaéta cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan pasualan panalungtikan.


Dina ngalakukeun panalungtikan tangtuna waé kudu ngagunakeun pamarekan anu jelas jeung sistematis, sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé. Tangtuna dina ieu panalungtikan ngeunaan struktur jeung ajén atikan moral dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto ieu ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu make léngkah-léngkah sistematis pikeun nafsirkeun data dina wangun déskriptif. Nurutkeun Tanjung (2016, kc. 39), wangun déskriptif nyaéta hiji métode panalungtikan anu dipaké pikeun nyieun gambaran sacara sistematis, aktual, jeung akurat ngaliwatan data sémpel atawa populasi sakumaha ayana.

Ieu panalungtikan ngagunakeun karya sastra minangka objek anu métode panalungtikanna miboga tujuan jeung mangpaat. Sabada tina hal éta, métode anu dipaké dina ieu panalungtikan struktural jeung ajén atikan moral dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto ieu ngagunakeun métode déskriptif analisis. Dina ieu panalungtikan ogé aya dua pamarekan anu dipaké. Anu kahiji aya pamarekan strukturalisme pikeun medar struktur carita anu aya dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto. Kadua, pamarekan ajén atikan moral pikeun maluruh jeung ngaguar ajén atikan moral naon waé anu nyampak dina eusi caritaan, anu satuluyna tina hasil kadua pamarekan éta jadi dadasar pikeun jadi bahan pangajaran maca novél di SMP.

3.1 Désain Panalungtikan

Saméméh panalungtikan dilaksanakeun, urang salaku jalma anu intelektual tangtuna kudu nataharkeun heula sakabéh hal anu arék dilakukeun sangkan ieu panalungtikan bisa lumangsung kalwan lancar. Ku kituna dina ngalaksanakeun panalungtikan téh perlu dijieun heula désain panalungtikan sangkan nalika prak-prakanna bisa lumangsung sacara sistematis.

Arikunto (2010, kc. 90), nétélakeun yén désain panalungtikan téh nyaéta rencana atawa rancangan anu dijieun ku panalungtik salaku ancar-ancar kagiatan panalungtikan anu bakal dilaksanakeun. Désain panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar saperti dina bagan ieu di handap.



Budi Purnomo, 2023


AJÉN ATIKAN DINA NOVÉL PANDAWA DIKAKALA KARYA HIDAYAT SOESANTO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Univesitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data pikeun ieu panalungtikan nyaéta data ajén atikan moral jeung struktural anu aya dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto. Pikeun ngaguar ajén atikan moral dina éta novél digunakeun tiori Sudaryat lamun dina ngaguar strukturna ngagunakeun tiori Robert Stanton.



3.2.1 Indéntitas Novél Pandawa Dikakala

Idéntitas novél anu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Pandawa Dikakala*. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap idéntitas bukuna.

Judul Buku	: Pandawa Dikakala
Karangan	: Hidayat Soesanto
Kandel Kaca	: 60 kaca
Medal	: Taun 1993
Penerbit	: Geger sunten

Gambar 3. 1 Sumber Data

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta langkah straratégis dina panalungtikan pikeun maluruh data. Luyu jeung Arikunto (2010, kc. 136), yén anu dimaksud ku téhnik ngumpulkeun data téh nyaéta cara anu dipaké ku panalungtik pikeun néangan data anu ditalungtikna.

Dina ieu panalungtikan, pikeun meunangkeun datana digunakeun cara ngumpulkeun data tina buku, jurnal, atawa tina panalungtikan saméméhna anu aya patalina jeung struktural jeung ajén atikan pikeun ngadeudeulan panalungtikan anu keur dilakukeun. Jadi, ieu panalungtikan anu dilakukeun téh ngagunakeun téhnik studi pustaka. Ieu téhnik ku Arikunto (2010, kc. 270), disebut téhnik studi pustaka lantaran dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun ngaanalisis data sarta néangan sumber tiori anu ngarojong kana hiji panalungtikan.

Budi Purnomo, 2023

AJÉN ATIKAN DINA NOVÉL PANDAWA DIKAKALA KARYA HIDAYAT SOESANTO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Univesitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4 Téhnik Ngolah Data

Tahap saterusna tina ngumpulkeun data téh nyaéta ngolah atawa ngaanalisis data. Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis. Ngaliwatan téhnik analisis ieu, dipiharep unsur struktural jeung ajén atikan moral anu nyampak dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto bisa kaguar jeung kapaluruh kalayan jéntré.

Arikunto (2010, kc. 278) nétélakeun yén sacara umum yén analisis data téh ngawengku tilu hal nyaéta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data saluyu jeung pamarekan anu digunakeun.

Dina ngaanalisis struktural dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto ngagunakeun tiori Robert Stanton anu dianalisisna nyaéta:

- a. Téma carita;
- b. fakta carita (latar, galur, jeung palaku jeung watek palaku);
- c. sarana carita (judul, puseur implengan jeung gaya).

Pikeun maluruh ajén atikan moral, digunakeun tiori Sudaryat anu ngabagi ajén atikan moral jadi genep nyaéta:

- a. Ajén moral manusa ka pangéran;
- b. moral manusa ka dirina;
- c. moral manus ka manusa séjén;
- d. moral manusa ka alam;
- e. moral manusa kana waktu;
- f. moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah batiniah.

Ajén atikan moral di dieu kapanggih tina sikep tokoh jeung panokohan. Sabada berés ngaanalisis struktural jeung ajén atikan moralna tuluy dilarapkeun kana bahan ajar maca di SMP.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 150), instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan gampang diolah.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan dina ngolah data nyaéta kartu data, anu dipaké pikeun ngébréhkeun cutatan-cutatan caritaan anu aya dina novél Budi Purnomo, 2023

AJÉN ATIKAN DINA NOVÉL PANDAWA DIKAKALA KARYA HIDAYAT SOESANTO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Pandawa Dikakala karya Hidayat Soesanto sangkan babari dina ngolah datana. Ieu di handap gambaran tabél kartu datana.

a. Kartu data analisis struktural

KARTU DATA TÉMA	
Kode data :	
Téma :	
Pasualan :	
Cutatan :	

Gambar 3. 2 Kartu Data Pasualan Pikeun Nangtukeun Téma

KARTU DATA ANALISIS TOKOH	
Kode data :	
Ngaran tokoh :	
Papasingan tokoh :	
Cutatan :	

Gambar 3. 3 Kartu Data Analisis Tokoh

KARTU DATA ANALISIS GALUR	
Kode data	:
Galur	:
Tahapan Galur	:
Cutatan	:

Gambar 3. 4 Kartu Data Analisis Galur

KARTU DATA ANALISIS LATAR	
Kode data	:
Latar	:
Cutatan	:

Gambar 3. 5 Kartu Data Analisis Latar

KARTU DATA ANALISIS PUSEUR IMPLENGAN	
Kode data	:
Puseur implengan	:
Cutatan	:

Gambar 3. 6 Kartu Analisis Puseur Implengan

KARTU DATA ANALISIS GAYA	
Kode data	:
Gaya	:
Cutatan	:

Gambar 3. 7 Kartu Data Analisis Gaya

b. Kartu data analisis ajén moral

KARTU DATA ANALISIS AJÉN MMP	
Kode data	:
Moral Manusa ka Pangéran:	
Cutatan	:

Gambar 3. 8 Kartu Data Analisis Ajén Moral Manusa ka Pangéran

KARTU DATA ANALISIS AJÉN MMD	
Kode data	:
Moral Manusa ka Dirina :	
Cutatan	:

Gambar 3. 9 Kartu Data Analisis Ajén Moral Manusa ka Pangéran

KARTU DATA ANALISIS AJÉN MMMS	
Kode data	:
Moral Manusa ka Manusa Séjén :	
Cutatan	:

Gambar 3. 10 Kartu Data Analisis Ajén Moral Manusa ka Manusa Séjén

KARTU DATA ANALISIS AJÉN MMA	
Kode data	:
Moral Manusa ka Alam	:
Cutatan	:

Gambar 3. 11 Kartu Data Analisis Ajén Moral Manusa ka Alam

KARTU DATA ANALISIS AJÉN MMW	
Kode data	:
Moral Manusa kana Waktu:	
Cutatan	:

Gambar 3. 12 Kartu Data Analisis Ajén Moral Manusa ka Pangéran

KARTU DATA ANALISIS AJÉN MMLB	
Kode data	:
Moral Manusa pikeun ngahontal Lahiriah Batiniah	:
Cutatan	:

Gambar 3. 13 Kartu Data Analisis Ajén Moral Manusa pikeun ngahontal
Lahiriah Batiniah

c. Kartu data analisis bahan ajar

Tabél 3.1
Kartu Data Analisis Milih Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan Ajar	Luyu	Teu Luyu

Tabél 3.2
Kartu Data Nyusun Bahan Évaluasi Bahan Ajar
Nyusun Bahan Évaluasi Pangajaran

Judul:
1. Bahan Évaluasi a. PG b. Esay

Katerangan:

PD : Pandawa Dikakala

Kc : Kaca

Pd : Pada

PG : Pilihan Ganda